

SESULIH PURUSA ING BASA JAWA DHIALEG JAWA TIMUR SUBDHIALEG SIDOARJO

Muchammad Asyik Asrori

S-1 Pendhidhikan Basa lan Sastra Dhaerah, Fakultas Basa lan Seni, Universitas Negeri Surabaya
muchammadasrori@mhs.unesa.ac.id

Pembimbing

Dr. Murdiyanto, M.Hum.

Dhosen Jurusan Pendhidhikan Basa lan Sastra Dhaerah, Fakultas Basa lan Seni,
Universitas Negeri Surabaya

ABSTRAK

Sesulih purusa ing basa Jawa wis tau diteliti nanging asil panliten kang mligi lan rinci ngenani sesulih purusa isih durung tau ana. Sesulih purusa ing basa Jawa kalebu salah sawijine *system* basa *structural* kang wigati panganggone ing sajrone cecaturan lisan utawa tulisan. Saka asil panliten kapungkur kang kagayutake ing bebrayan bisa narik kawigatene panliti kanggo nlinti sesulih purusa luwih mligi lan rinci kanthi topik “Sesulih Purusa Ing Basa Jawa Dhialek Jawa Timur Subdhialek Sidoarjo”. Sesulih purusa kasebut bakal kagayutake karo dhialek kang ana ing Sidoarjo, mula underane panliten iki, yaiku: (1) Kepriye wujud sesulih purusa ing basa Jawa dhialek Jawa Timur subdhialek Sidoarjo adhedhasar cacah tunggal; lan (2) Kepriye wujud sesulih purusa ing basa Jawa dhialek Jawa Timur subdhialek Sidoarjo adhedhasar cacah jamak.

Teori sesulih purusa kang kagunakake ing panliten iki yaiku teori *transformasi generatif* kanggo ngandharake dhata lan jlentrehake dhata. Dhata kang katliti njupuk saka nyimak lan nyatet cecaturan basa Jawa kang kagunakake pawongan asli ing dhaerah Sidoarjo. Sabanjure, dhata kasebut kajlentrehake nganggo metodhe dhistribusional utawa agih. Sesulih purusa ing basa Jawa dhialek Jawa Timur subdhialek Sidoarjo kanthi landhasan cacah lan panganggone ngasilake 6 jinis sesulih purusa. Sesulih purusa ing basa Jawa dhialek Jawa Timur subdhialek Sidoarjo adhedhasar wujud lan dhata kang wis kaanalisis triaspek sintaksis ngasilake 4 jinis wujud sesulih purusa.

Tembung-tembung wigati: Sesulih purusa, *transformasi generatif*, lan wujud sesulih purusa.

PURWAKA

Isine bab I iki yaiku (1) landhesane panliten, (2) underane panliten, (3) tujuwane panliten, (4) paedhahe panliten, (5) watesane panliten, lan (6) panjlentrehe tetembungan. Luwih cethane bakal diandharake ing ngisor iki.

Landhesane Panliten

Sesulih minangka tembung utawa frase sing kerep digunangake nalika cecaturan. Saben-saben mbasa nduweni tembung sesulih (*kata ganti/pronominal*). Sesulih ing ilmu basa Jawa digunangake kanggo ngganteni prekara kang wis dingerteni, supaya ora kasebut bola-bali, lan uga dadi luwih endhahe ukara. Anane sesulih ing basa Jawa iki bisa nggampangake pawongan kang ngomong basa Jawa, saliyane iku sesulih iki gawe ngringkes tetembungan lan dadi luwih cethane nalika cecaturan.

Sesulih ing basa Jawa iku akeh jinise, ana sesulih purusa, sesulih pandarbe, sesulih panuduh, sesulih pitakon, sesulih panyilah, lan sesulih sadhengah. Bab sesulih iki wis akeh diteliti para ahli basa, nanging tembung-tembung kang dadi sesulih isih durung akeh diteliti. Saka panliten-panliten sing wis ana, isih akeh sing nduweni panemu kang bedha, kayata Rusydi (1985) merang tembung sesuli dadi telu, yaiku sesulih purusa, sesulih panuduh, lan sesulih patanya. Panliten liya kang nduweni panemu tembung sesulih diperang dadi telu,

yaiku Alwi (2003), lan Sudaryanto (1991). Uhlenbeck (1982) merang tembung sesulih dadi papat, yaiku tembung sesulih purusa, sesulih panuduh, sesulih patanya, lan sesulih sadhengah. Uga ana pamarsudi kang merang tembung sesulih dadi lima, yaiku Poerwadarminta (1953), Wedhawati (2001), Antunshono (1953), lan Sastrasopadma (1958). Limang perangan kang diandharake Poerwadarminta yaiku, tembung sesuli purusa lan pandarbe, punuduh, panyilah, patanya, lan sadhengah.

Adhedhasar jinis sesulih kang wis kasebut, ana salah sijine sesulih kang bakal katliti ing kene yaiku sesulih purusa, kanthi topik Sesulih Purusa ing Basa Jawa Dhialek Jawa Timur Sub-dhialek Sidoarjo. Topik dianggep luwih mirungga, amarga ing saben dhaerah iku nduweni ciri khas dhewe, kayata panganggone sesulih purusa ing dhaerah kasebut lan prelu diteliti. Sesulih purusa uga isih ana perangan-perangane sing wigati kanggo dijlimeti. Sepisanan panliti bakal nlinti tetembungan apa wae kang kalebu sesulih purusa, banjur nlinti tembung-tembung sesulih purusa apa wae kang digunangake ing basa Jawa sajrone dhialek Jawa Timur sub-dhialek Sidoarjo. Tuladha ukara kang ngemu sesulih purusa ing basa Jawa kaya mangkene.

B: Kate nang endi **Rika**?

‘Mau kemana **kamu**?’

A: **Aku** kate nang **Pak Lurah**. **Pena** melok ta?

‘**Aku** mau ke **Pak Lurah**. **Kamu** ikut ta?’

Adhedhasar ukara ing dhuwur si (B) ngomong “kate nang endi **Rika**?” ana tembung kang nuduhake sesulih purusa yaiku **Rika**, tembung **Rika** iki bisa katitik sesulih purusa merga saka tembung **Rika** iku nuduhake utawa ngener wong si (A) yaiku sing lagi diajak ngomong. Banjur ana tembung **Aku**. Tembung **Aku** kalebu sesulih purusa merga tembung iki bisa makili wong sing lagi ngomong. Tembung **Aku** ing ukara iku ngener marang si (A). Banjur ana gatra **Pak Lurah**. Frase utawa gatra **Pak Lurah** kalebu sesulih purusa merga bisa makili wong sing lagi nyandhang pangkat Kepala Desa. Saliyane iku sajrone Tuladha ing dhuwur ana tembung **Pena** sing kalebu sesulih purusa. Tembung **Pena** diarani sesulih merga bisa ngener utawa makili wong sing lagi diajak ngomong yaiku si (B).

Sesulih Purusa ing basa Jawa iki isih durung ana sing nliti kanthi cetha lan mrinci. Mula saka iku sesulih purusa ing basa Jawa bakal diteliti kanthi nggunakake dhialek Jawa Timur sub-dhialek Sidoarjo. Merga panliti nganggep sesulih purusa ing kono luwih amba saka basa Jawa umume lan isih durung nate diteliti kanthi njlimet. Panliten ngenani sesulih pancen wis ditindakake dening para sarjana kondhang Novia Rakhmatin Setyorini (2013) ing skripsine kanthi irah-irahan “Tembung Sesulih Ing Basa Jawa Dhialek Surabaya Sub-dhialek Mojokerto, Nasrulloh (2001) ing skripsine kanthi irah-irahan “*Pronomina Bahasa Jawa Dialek Surabaya*, lan isih akeh panliti sing durung kajangkah saka wawasan panliti. Saka asil panliten kang wis disebut ing dhuwur iku mau isih durung mrinci lan panliti isih ngrasa yen tembung sesulih iki prelu dianangake panliten maneh sing luwih mligi lan mrinci.

Adhedhasar andharan ing ndhuwur panliten iki bakal ngandharake sesulih purusa ing basa Jawa dhialek Jawa Timur kang mligi ing dhaerah Sidoarjo. Luwih mligine panliten iki mung bakal njlentrehake sesulih purusa kang bisa dibuktekake lan diandharake kanthi teori transformasi generatif kang kabuktekake nganggo triaspek sintaksis. Kanthi metode dhistribusional.

Punjer lan Undere Panliten

Adhedhasar lelandhesan panliten ing dhuwur. punjere panliten iki yaiku sesulih purusa ing basa Jawa dhialek Jawa Timur sub-dhialek Sidoarjo. Saka punjer kasebut, mula underane panliten iki yaiku:

- 1) Kepriya wujud sesulih purusa ing basa Jawa dhialek Jawa Timur sub-dhialek Sidoarjo adhedhasar cacah tunggal?
- 2) Kepriya wujud sesulih purusa ing basa Jawa dhialek Jawa Timur sub-dhialek Sidoarjo adhedhasar cacah jamak?

Tujuwane Panliten

Tujuwan umum panliten iki kanggo ngandharake sesulih purusa ing basa Jawa dhialek Jawa Timur sub-dhialek Sidoarjo. Tujuwan mligi saka panliten iki diandharake ing ngisor iki, yaiku:

- 1) Njlentrehake wujud sesulih purusa ing basa Jawa dhialek Jawa Timur sub-dhialek Sidoarjo kang cacah tunggal.
- 2) Njlentrehake wujud sesulih purusa ing basa Jawa dhialek Jawa Timur sub-dhialek Sidoarjo kang cacah jamak.

Paedahe Panliten

Paedahe panliten iki diperang dadi loro, yaiku: Asil panliten iki kanggo ngrembakake lan menehi sumbangan teoretis ing basa Jawa sajrone bidhang ilmu basa mligine sintaksis. saliyané iku panliten iki uga bisa ngrembakake dhialek-dhialek kang ana sajrone basa Jawa, kanthi topik sesulih purusa ing basa Jawa dhialek Jawa Timur sub-dhialek Sidoarjo. Saliyané iku, asile panliten ngenani sesulih purusa ing basa Jawa dhialek Jawa Timur sub-dhialek Sidoarjo iki kanggo menehi sumbangan praktis yaiku bisa nambahi materi sajrone kuliyah ngenani ilmu sintaksis. Panliten iki uga bisa dadi sumber pangrembakane materi pasinaonan ing sekolahan, mligine ngenani basa Jawa dhialek Jawa Timur.

Watesane Panliten

Ing panliten iki diwenehi watesan telung prekara, yaiku (1) panliten iki mung ngandharake ngenani sesulih purusa ing basa Jawa dhialek Surabaya sub-dhialek Sidoarjo, (2) dhata panliten iki yaiku sesulih purusa sajrone ukara kang nganggo basa Jawa dhialek Surabaya sub-dhialek Sidoarjo, mligine basa Jawa kang digunakake ing kecamatan Tanggulangin, Jabon, lan Porong, Kabupaten Sidoarjo (3) Panliten iki nggunakake teori transformasi generatif kanggo njlentrehake dhata kang arupa sesulih purusa ing basa Jawa dhialek Surabaya sub-dhialek Sidoarjo kanthi cara kerja triaspek sintaksis. Triaspek sintaksis iki njlentrehake telung prekara, yaiku wujud (kategori), guna (fungsi), lan kalungguhan (peran).

Panjentrehe Tetembungan

Teges saka tembung kang digunakake sajrone panliten iki dijlentrehake ing ngisor iki, yaiku:

- 1) Sesulih (pronomina), yaiku tembung kang digunakake kanggo ngganteni prekara kang wis dingerteni supaya ora mbolan-baleni anggone nyebutake prekara (barang, jeneng, dunung, kahanan) lan amrih luwih dadi endah ukara tur gampang dingerteni (cetha) apa sing lagi diomongake. Tembung sesulih kalebu kategori katutup kang cacahé mung winates lang angel anggone ngrembaka (Antunshono, 1953: 84).
- 2) Sesulih purusa, yaiku tembung utawa frase kang digunakake ngganteni marang manungsa, kalebu ngganteni posisi awak dhewe, wong sing diajak ngomong, lan wong liya. miturut Wedhawati (2001), sesulih purusa utawa *pronominal persona* yaiku sesulih sing mrujuk marang manungsa.

- 3) Dhialek, yaiku variasi-variasi basa kang bedha manut marang pawongan kang nggunangake lan dhaerah endi basa iku kagunangake (Kridalaksana, 48:2008).
- 4) Sub-dhialek, yaiku perangan saka dhialek (Alwi 2007: 1096).
- 5) Triaspek sintaksis, yaiku (kategori), guna (fungsi), lan kalungguhan (peran). (Parera, 1991: 87).

TATA CARANE PANLITEN

Tatacarane panliten iki yaiku tata cara nglumpukake dhata, tata cara njlentrehake dhata, lan tata cara nyuguhake asil jlentrehan dhata. Luwih gamblange andharan ing ngisor iki.

Tatacarane Nglumpukake Dhata

Tatacarane nglumpukake dhata ing panliten iki ana telung metodhe yaiku kapisan teknik semak, teknik cathet, lan teknik rekam. Salah sawijine metode semak yaiku teknik semak mawa wicara nduweni teges panliten melu cecaturan karo subjek utawa informan, panliti ing kene uga nyemak cecaturan kang ditindakake. Dene teknik semak tanpa wicara nduweni maksut panliti mung nyawang lan nyemak omong-omongane informan. Istilah menyimak ing kenen ora mung gegayutan karo basa lisan, nanging uga nggunangake basa tulisan. Metodhe dhasar teknik iki awujud teknik sadap, merga hakikate menyimak menika penyadapan. Sajrone teknik sadap bisa gunangake *teknik lanjutan* kang arupa teknik simak libat cakap, simak bebas libat cakap, catat, lan teknik rekam (Mahsun, 2014:92-93).

Miturut Mahsun (2005:93) teknik cathet yaiku nyathet dhata-dhata sing wigati. Teknik cathet digunangake minangka wujud tumindak nyathet dhata ing kartu dhata sing wis kacawisake lan dibacutake miji-miji utawa ngandharake dhata kasebut (Sudaryanto, 1993:23). Teknik cathet ing kene digunangake kanggo nyathet ukara basa jawa kang ngemu tembung sesulih purusa ing dhaerah Sidoarjo saka teknik semak ing ndhuwur. Sabanjure teknik cathet ditulis ing kartu dhata. Andharan ngisor iki ngenani tata carane nglumpukake dhata:

- 1) Ngrungokake cecaturane warga utawa panliti uga melu cecaturan.
- 2) Dhata sing ngemu tembung sesulih pitakon sajrone ukara ing cecaturane warga banjur dicathet.
- 3) Dhata tulis awujud tembung sesulih purusa sajrone ukara ing dhaerah Sidoarjo sing wis dicathet mau banjur dikelompokake sajrone kartu dhata adhedhasar jinise sesulih purusa.

Tatacarane Njlentrehake Dhata

Metodhe sing digunangake ngandharake lan jlentrehake dhata, yaiku metodhe dhistribusional utawa agih. Metode dhistribusional yaiku metodhe njlentrehake dhata kanthi perangan saka basa kuwi dhewe dadi perangan sing nemtokake analisis (Sudaryanto, 1993:15). Metodhe agih iki nduweni maneka teknik. Maneka teknik sajrone metodhe agih yaiku teknik nambahi, teknik

ngambakake, teknik ngambakake teknik walik, teknik owah ujud lan teknik balen (Sudaryanto, 1993:36). Metodhe dhistribusional dianggo kanggo njlentrehake wujud, guna, lan kalungguhan Sesulih purusa ing basa Jawa dhialek Jawa timur sub-dhialek Sidoarjo. Teknik sing digunangake ing panliten iki mung saperangan wae. Teknik sing digunangake yaiku teknik nyeseli (sisip), teknik ngowahi (ganti), lan teknik nyingitake (lesap).

JLENTREHAN DHATA LAN DHISKUSI ASILE PANLITEN

Isine bab papat iki kaperang dadi telu, yaiku: (1) andharan lan jlentrehan data, (2) asile panliten, lan (3) diskusi asile panliten. Luwih cethane diandharake ing ngisor iki.

Andharan lan Jlentrehane Panliten

Andharan lan jlentrehan data ing panliten iki ana loro, yaiku: (1) sesulih purusa cacah tunggal, lan (2) sesulih purusa cacah jamak. Sesulih purusa cacah tunggal adhedhasar panliten kang wis ana kaperang dadi telu, yaiku: (1) sesulih utama purusa cacah tunggal, (2) sesulih madyama purusa cacah tunggal, lan (3) sesulih pratama purusa cacah tunggal. Semono uga sesulih purusa cacah jamak adhedhasar panliten kang wis ana kaperang dadi telu, yaiku: (1) sesulih utama purusa cacah jamak, (2) sesulih madyama purusa cacah jamak, (3) sesulih pratama purusa cacah jamak

1. Sesulih Purusa Cacah Tunggal

Sesulih purusa cacah tunggal ing basa Jawa dhialek JawaTimur sub-dhialek Sidoarjo adhedhasar panliten kang wis ana kaperang dadi telu, yaiku: (1) sesulih utama purusa cacah tunggal, (2) sesulih madyama purusa cacah tunggal, lan (3) sesulih pratama purusa cacah tunggal. Luwih jangkepe ana jlentrehan ngisor iki.

a. Sesulih Utama Purusa Cacah Tunggal

Sesulih utama purusa kanthi cacah tunggal adhedhasar data kang wis ana bisa kaperang dadi telu, yaiku: a) sesulih utama purusa cacah tunggal awujud tembung lingga, b) sesulih utama purusa cacah tunggal awujud tembung andhahan, lan c) sesulih utama purusa cacah tunggal awujud gatra. Luwih jangkepe ana ing ngisor iki.

1. Sesulih Utama Purusa Cacah Tunggal Awujud Tembung Lingga

Sesulih utama purusa cacah tunggal awujud tembung lingga kang bisa kacekakake dadi SUCTATL iki kagunangake nganteni pawongan kapisan utawa awak dhewe kanthi ijen utawa tunggal kang rupane wujud tembung lingga. SUCTATL dhialek Jawa Timur sub-dhialek Sidoarjo, yaiku: aku lan kula. Kaya dene data ing ngisor iki.

(1) Sanes sales **kula**.

'Bukan seles saya'.

	<u>Wujud</u>	<u>Guna</u>	<u>Kalungguhan</u>
<u>Sanes sales</u>	Ga.Ar	Wa	Khn
<u>Kula</u>	T.Ar	Je	Rsp

(Sidoarjo, 14 Juli 2018)

Tabuh: 09:46

Konteks: wong Adol lan Wong toko ing toko agen Ds. Ngaban, Kec. Tanggulangin.

Ukara ing dhuwur ngemu SUCTATL, merga ukara (1) ing dhuwur bisa kategesake panutur ngowehi weruh, yen dheweke iku ora dadi profesi sales, dheweke teka nang took ora nawakake barang, nanging arep toko barang. SUCTATL kasebut bisa kadeleng saka tembung “kula”, merga tembung kasebut ngganteni utawa nyulih pawongan sing ngomong kanthi cacah tunggal kang arupa tembung lingga. Yen ukara kasebut kajlentrehake kanthi triaspek sintaksis, tembung “sanès sales” wujud Ga.Ar kanthi gunane dadi Wa kang kalungguhane dadi Khn. Banjur “kula” wujud T.Ar kanthi guna Je kang kalungguhane dadi Rsp.

Jlentrehan data kanthi analisis triaspek ing ukara (1) bakal kabuktekake ing kene. Sepisanan ana gatra “sanès sales” kang wujud dadi Ga.Ar bisa kabuktekake kanthi nambahi tembung “dudu” utawa “ana” ing ngarepe, mula karasa trep yen gatra “sanès sales” wujud Ga.Ar. Banjur analisis gunane gatra “sanès sales” dadi Wa bisa kabuktekake kanthi ndeleng tegese saka Ga.Ar kasebut nuwuhake kahanan sing bisa nelakake tindak lan gatra kasebut negative kanthi tambahan tembung “dudu” sing dadi salah sijine titikan Wa, mula karasa trep yen gatra “sanès sales” gunane dadi Wa.

Sawise iku ana tembung “kula” wujud T.Ar, bisa kabuktekake kanthi bisa ditambahi tembung “dudu”, mula saka iku trep yen kula wujud T.Ar. Banjur analisis gunane tembung kasebut dadi Je merga bisa dadi wangsulan pitakonan “sapa” kaya dene “sapa dudu sales?” bisa kawangsuli tembung “kula”, mula bisa karasa yen gunane dadi Je.

Dene analisis kalungguhane ukara (1) ing ndhuwur, gatra “sanès sales” dadi Khn, merga saka gatra kasebut nuduhake profesi sing bisa nelakake tindak utawa kahanan, mula saka iku gatra kasebut trep kalungguhane dadi Khn. Bajur tembung aku dadi Rsp, merga saka tegese ukara kasebut nuduhake yen kula nampani kadadeyan sing dituduhake Wa. Mula saka iku tembung “kula” kang dadi SUCTATL kalungguhane dadi Rsp.

2. Sesulih Utama Purusa Cacah Tunggal Awujud Tembung Andhahan

Sesulih utama purusa cacah tunggal awujud tembung andhahan kang bisa kacekakake dadi SUCTATA iki kagunangake nganteni pawongan kapisan utawa awak dhewe kanthi ijen utawa tunggal kang rupane wujud tembung andhahan. SUCTATA dhialèg Jawa Timur sub-dhialèg Sidoarjo, yaiku: wuwuhan ater-ater tak-, lan wuwuhan panambang -ku. Kaya dene data ing ngisor iki.

(2) Dhuwikmu **taksilihe**.

‘Uangmu saya pinjam.’

	Wujud	Guna	Kalungguhan
Dhuwitmu	T.Ar	Je	Ftr
Taksilihe	T.Kr	Wa	Kr.Tndk

(Sidoarjo, 14 April 2018)

Tabuh: 22:31

Konteks: Cangkrukan ing Warkop 97 Kalidawir.

Ukara ing dhuwur ngemu SUCTATA, merga data (2) nuwuhake teges panutur ngomong marang mitra tutur, yen dhuwite mitra tutur disilih panutur. SUCTATA kasebut bisa kadeleng saka tembung “taksilihe”, merga tembung kasebut oleh wuwuhan arupa ater-ater “tak-” kang bisa ngganteni utawa nyulih pawongan sing lagi ngomong kang cacah tunggal. Yen ukara kasebut kajlentrehake kanthi triaspek sintaksis, tembung “dhuwitmu” wujud T.Ar kanthi guna Je kang kalungguhane dadi Ftr. Banjur “taksilihe” wujud T.Kr kanthi guna Wa kang kalungguhane dadi Kr.Tndk.

Jlentrehan data kanthi analisis triaspek sintaksis ing ukara (2) bakal kabuktekake ing kene. Sepisanan ana tembung “dhuwikmu” kang wujud dadi T.Ar bisa kabuktekake kanthi nambahi tembung “dudu” utawa “ana” ing ngarepe. Nalika tembung kasebut ditambahi “dudu” utawa “ana” dadi gatra “dudu dhuwikmu” utawa “ana dhuwikmu”, sawise kagandheng tembung kasebut bisa sambung, mula karasa trep yen tembung kasebut wujud T.Ar. Banjur analisis gunane tembung kasebut dadi Je bisa kabuktekake kanthi dadi wangsulan saka pitakon “sapa” utawa “apa” kang ngganteni posisine tembung “dhuwikmu” dadi “dhuwike sapa mboksilih?” sing bisa diwangsuli “dhuwikmu”. Mula karasa trep yen tembung kasebut gunane dadi Je.

Sawise iku ana tembung “taksilih” wujud T.Kr, merga bisa kabuktekake kanthi nambahi tembung “ora/mboten” ing ngarepe. Nalika kagandheng dadi gatra “mboten taksilih”. Tembung “taksilih” karasa bisa sambung, mula saka iku bisa diarani T.Kr. Banjur analisis gunane tembung kasebut dadi Wa merga bisa kadadekake negatif dadi gatra kang wis kasebut. Tembung “taksilih” bisa karasa sambung, mula trep yen gunane dadi Wa.

Dene analisis kalungguhane ukara ing ndhuwur, tembung “dhuwikmu” dadi Ftr bisa kabuktekake kanthi titikane Ftr, yaiku: dipanggoni maujud sing ora nduweni nyawa, nanging njalari kadadeyane perkara, mula saka iku tembung kasebut trep yen kalungguhane dadi Ftr. Banjur tembung “taksilih” kalungguhane dadi Kr.Tndk, merga saka tegese ukara (2) tembung “taksilih” nuduhake pakaryan lan bisa kadadekake *negatif* dadi gatra “ora taksilih”, tembung “taksilih” karasa sambung. Tembung “taksilih” kadaden saka tembung “silih” kena wuwuhan ater-ater “tak-” dadi “taksilih”. Wuwuhan ater-ater “tak” bisa nuwuhake teges aku, mula saka iku tembung “taksilih” kalebu SUCTATA kanthi kalungguhane dadi Kr.Tndk.

3. Sesulih Utama Purusa Cacah Tunggal Awujud Gatra

Sesulih utama purusa cacah tunggal awujud tembung gatra kang bisa kacekakake dadi SUCTAG iki kagunangake nganteni pawongan kapisan utawa awak dhewe kanthi ijen utawa tunggal kang rupane wujud tembung gatra. SUCTAG dhialek Jawa Timur sub-dhialek Sidoarjo, yaiku: SUCTATL lan SUCTATA kang kagandheng tembung ancer-ancer utawa T.Wil kang nuduhake cacah tunggal, kayata: aku iki, aku ijen, kula niki lan sapiturute. Kaya dene data ing ngisor iki.

(3) **Kula niki** kancane Pak Arifin.
'Saya ini temannya Pak Arifin.'

	<u>Wujud</u>	<u>Guna</u>	<u>Kalungguhan</u>
Kula niki	Ga.Ar	Je	Rsp
Kancane Pak Arifin	Ga.Ar	Wa	Kh

(Sidoarjo, 14 juli 2018)

Pukul: 09:46

Konteks: wong adol lan toko ing tokoagen
Ds. Ngaban - Tanggulangin .

Ukara ing dhuwur ngemu SUCTAG, merga saka data ukara (3) nuwuhake teges panutur ngowehi ngerti marang mitra tutur, yen panutur iki kancane Pak Arifin ponangane mitra tutur. SUCTAG kasebut bisa kadeleng saka tembung "kula niki" kang kadaden saka tembung "kula" lan "niki". Gatra kasebut kalebu sesulih utama purusa cacah tunggal, merga gatra kasebut ngganteni utawa nyulih pawongan sing lagi ngomong kanthi ngemu makna cacah tunggal. Yen ukara kasebut kajlentrehake kanthi triaspek sintaksis, gatra "kula niki" wujud Ga.Ar kanthi guna Je kang kalungguhane dadi Rsp. Banjur "kancane Pak Arifin" wujud Ga.Ar kanthi guna Wa kang kalungguhane dadi Kh.

Jlentreh data kanthi analisis triaspek ing ukara (3) bakal kabuktekake ing kene. Sepisanan ana gatra "kula niki" kang wujud dadi Ga.Ar bisa kabuktekake kanthi nambahi tembung "dudu" utawa "ana" ing ngarepe. Nalika tembung kasebut ditambahi "dudu/sanes" utawa "ana/wonten" dadi gatra "sanes kula niki" utawa "wonten kula niki", sawise kagandheng gatra kasebut bisa sambung, mula karasa trep yen gatra kasebut wujud Ga.Ar. Banjur analisis gunane gatra kasebut dadi Je bisa kabuktekake kanthi dadi wangsulan saka pitakon "sapa/sinten" utawa "apa/menapa" kang ngganteni posisine gatra "kula niki" dadi "sinten mboten nate turu?" sing bisa diwansuli "kula niki". Mula karasa trep yen gatra kasebut gunane dadi Je.

Sawise iku ana gatra "kancane Pak Arifin" wujud Ga.Ar, merga bisa kabuktekake kanthi nambahi tembung "dudu" utawa "ana" ing ngarepe. Nalika gatra kasebut kagandheng karo ukuran tembung aran dadi kaya"ana kancane Pak Arifin" utawa "dudu kancane Pak Arifin", mula saka iku

bisa diarani Ga.Ar merga kadaden luwih saka sak tembung. Banjur analisis gunane gatra kasebut dadi Wa merga bisa kadadekake negatif dadi "dudu kancane Pak Arifin", mula karasa trep gunane dadi Wa.

Dene analisis kalungguhane ukara ing ndhuwur, gatra "kula niki" dadi Rsp bisa kabuktekake kanthi titikane Rsp, yaiku: maujud sing ndhuweni nyawa kang nampani kadadeyan utawa kahanan kaya ing wasesane, mula saka iku gatra kasebut trep yen kalungguhane dadi Rsp. Banjur gatra "kancane Pak Arifin" kalungguhane dadi Kh, merga Je kalungguhane Rsp, lan nuduhake saka tegese ukara no (3) Gatra "kula niki" nampani kahanan kaya wasesane. Gatra kula niki bisa nuwuhake teges aku utawa ngganteni wong sing ngomong, mula saka iku gatra "kula niki" kalebu SUCTAG kanthi kalungguhane dadi Rsp.

b. Sesulih Madyama Purusa Cacah Tunggal

Sesulih madyama purusa kanthi cacah tunggal adhedhasar data kang wis ana bisa kaperang dadi telu, yaiku: a) sesulih madyama purusa cacah tunggal awujud tembung lingga, b) sesulih madyama purusa cacah tunggal awujud tembung andhahan, lan c) sesulih madyama purusa cacah tunggal awujud gatra. Luwih jangeke ana ing ngisor iki.

1. Sesulih Madyama Purusa Cacah Tunggal Awujud Tembung Lingga

Sesulih madyama purusa cacah tunggal awujud tembung lingga kang bisa kacekakake dadi SMCTATL iki kagunangake nganteni pawongan kapindho utawa mitra tutur kanthi ijen utawa tunggal kang rupane wujud tembung lingga. SMCTATL dhialek Jawa Timur sub-dhialek Sidoarjo, yaiku: koen, sampeyan, panjenengan, rika, lan peno. Kaya dene data ing ngisor iki.

(4) **Koen** gak turu ta?

'Kamu tidak tidurkah?'

	<u>Wujud</u>	<u>Guna</u>	<u>Kalungguhan</u>
Koen	T.Ar	Je	Prg
gak turu ta?	Ga.Kr	Wa	Kr.Tndk

(Sidoarjo, 14 April 2018)

Pukul: 22:46

Konteks: Ngopi ing Warkop 97 Kalidawir.

Ukara ing dhuwur ngemu SMCTATL, merga saka data ukara (4) nuwuhake teges panutur takon marang mitra tutur, yen mitrane wis turu apa durung?. SMCTATL bisa kadeleng saka tembung "koen". Tembung kasebut kalebu sesulih madyama purusa cacah tunggal, merga tembung kasebut ngganteni utawa nyulih pawongan sing lagi kaajak ngomong kanthi ngemu makna cacah tunggal. Yen ukara kasebut kajlentrehake kanthi triaspek sintaksis, tembung "koen" wujud T.Ar kanthi guna Je kang kalungguhane dadi Prg. Banjur "wis

туру та?” wujud Ga.Kr kanthi guna Wa kang kalungguhane dadi Kr.Tndk.

Jlentrehan data kanthi analisis triaspek ing ukara (4) bakal kabuktekake ing kene. Sepisanan ana tembung “koen” kang wujud dadi T.Ar bisa kabuktekake kanthi nambahi tembung “dudu” utawa “ana” ing ngarepe. Nalika tembung “koen” ditambahi “dudu” utawa “ana” dadi frasa “dudu koen” utawa “ana koen”, sawise kagandheng tembung “koen” kasebut bisa sambung, mula karasa trep yen tembung “koen” wujud T.Ar. Banjur analisis gunane tembung “koen” dadi Je bisa kabuktekake kanthi dadi wangsulane saka pitakon “sapa” utawa “apa” kang ngganteni posisine tembung “koen” dadi “sapa wis turu?”, sawise kaganti ukara kasebut bisa sambung, mula karasa trep yen tembung “aku” gunane dadi Je.

Sawise iku ana tembung “wis turu ta?” wujud Ga.Kr, diarani gatra merga kadaden luwih saka siji tembung, punjer ing gatra kasebut ana ing tembung “uru” wujud T.Kr kang bisa kabuktekake kanthi nambahi tembung “ora” ing ngarepe dadi “ora uru”. Nalika kagandheng bisa sambung, mula saka iku bisa diarani Ga.Kr. Banjur analisis gunane gatra kasebut dadi Wa merga bisa kabuktekake saku gatra kasebut nuwuhake teges pakaryan, mula bisa karasa yen gunane dadi Wa.

Dene jlentrehan data analisis kalungguhane ukara ing ndhuwur, tembung “koen” dadi Prg bisa kabuktekake kanthi titikane Prg, yaiku: dipanggoni Je wujud T.Ar sing nduweni nyawa kanthi nindhakake pakaryan, lan Wa wujud T.Kr kanthi kalungguhane Kr.Tndk kang gathuk marang analisis kalungguhane gatra “wis turu ta?”. Mula saka iku tembung “koen” kang dadi SMCTATL kalungguhane dadi Prg.

2. Sesulih Madyama Purusa Cacah Tunggal Awujud Tembung Andhahan

Sesulih madyama purusa cacah tunggal awujud tembung andhahan kang bisa kacekakake dadi SMCTATA iki kagunangake nganteni pawongan kapindho utawa mitra tutur kanthi ijen utawa tunggal kang rupane wujud tembung andhahan. SMCTATA dhialek Jawa Timur sub-dhialek Sidoarjo, yaiku: wuwuhan ater-ater mbok-, lan wuwuhan panambang -mu. Kaya dene data ing ngisor iki.

(5) **Spedamu** takgawane.

‘Saya pinjam sepedamu.’

	<u>Wujud</u>	<u>Guna</u>	<u>Kalungguhan</u>
Spedamu	T.Ar	Je	Pndh
Takgawane	T.Kr	Wa	Kr.Tndk

(Sidoarjo, 7 Maret 2018)

Pukul: 22:22

Konteks: Arek nom-noman, njagongi omahe wong nduwe gawe.

Ukara ing dhuwur ngemu SMCTATA, merga saka data ukara (5) nuwuhake teges panutur bgomong marang mitra tuture. SMCTATA kasebut bisa kadeleng saka tembung “spedamu” tembung linggane “speda” oleh wuwuhan panambang “-mu”. Tembung “spedamu” kalebu sesulih madyama purusa, merga anane wuwuhan panambang “-mu” sing bisa nyulihi pawongan kang lagi kaajak ngomong kanthi ngemu makna cacah tunggal. Yen ukara ing dhuwur kajlentrehake kanthi triaspek sintaksis, tembung “spedamu” wujud T.Ar kanthi guna Je kang kalungguhane dadi Pndh. Banjur ana tembung “takgawane” wujud T.Kr kanthi guna Wa kang kalungguhane dadi Kr.Tndk.

Jlentrehan data kanthi analisis triaspek sintaksis ing ukara (5) bakal kabuktekake ing kene. Sepisanan ana tembung “spedamu” kang wujud dadi T.Ar bisa kabuktekake kanthi nambahi tembung “dudu” utawa “ana” ing ngarepe. Nalika tembung “spedamu” ditambahi “dudu” utawa “ana” dadi gatra “dudu spedamu” utawa “ana spedamu”, sawise kagandheng tembung “spedamu” kasebut bisa sambung, mula karasa trep yen tembung kasebut wujud T.Ar. Banjur analisis gunane tembung “spedamu” dadi Je bisa kabuktekake kanthi dadi wangsulane saka pitakon “sapa” utawa “apa” kang ngganteni posisine tembung “spedamu” dadi “apa sing mbokgawa?”, sawise kaganti ukara kasebut bisa sambung, mula karasa trep yen tembung “spedamu” gunane dadi Je.

Sawise iku ana tembung “takgawa” wujud T.Kr, merga bisa kabuktekake kanthi nambahi tembung “ora” ing ngarepe dadi “ora takgawa”. Nalika kagandheng bisa sambung, mula saka iku bisa tembung “takgawa” diarani T.Kr. Banjur analisis gunane tembung kasebut dadi Wa merga bisa kadadekake negatif lan nduweni teges arupa pakaryan, mula bisa karasa trep yen gunane dadi Wa.

Dene analisis kalungguhane ukara ing ndhuwur, tembung “spedamu” dadi Pndh bisa kabuktekake kanthi titikane Pndh, yaiku: dikenani pakaryan kaya ing wasesane. Banjur ana tembung “takgawa” Kalungguhane Kr.Tndk bisa kabuktekake saka tegese nuwuhake nindhakake pakaryan, mula saka iku tembung kasebut karasa trep dadi Kr.Tndk. Tembung “spedamu” kalungguhane dadi Pndh, merga dikenani tuminadake paraga kang disingitake kanthi ngganti wuwuhan ater-ater “tak” kang nuwuhake teges panutur kang nindhakake pakaryan kaya ing wasesane, mula karasa trep Tembung “spedamu” kalebu SMCTATA kanthi kalungguhan Pndh.

3. Sesulih Madyama Purusa Cacah Tunggal Awujud Gatra

Sesulih madyama purusa cacah tunggal awujud tembung gatra kang bisa kacekakake dadi SMCTAG iki kagunangake nganteni pawongan kapindho utawa wong kang kaajak ngomong kanthi ijen utawa tunggal kang rupane wujud tembung gatra. SMCTAG dhialek Jawa Timur sub-dhialek Sidoarjo, yaiku: SMCTATL lan SMCTATA kang kagandheng tembung ancer-ancer utawa T.Wil kang nudhuhake cacah tunggal, kayata: pena iku,

awakmu ijen, koen iki, sampeyan niki lan sapanunggalane. Kaya dene data ing ngisor iki.

(6) Nguwawur **Rika iki**.

‘Awuran kamu ini.’

	<u>Wujud</u>	<u>Guna</u>	<u>Kalungguhan</u>
Nguwawur	T.Khn	Wa	Khn
Rika iki	Ga.Ar	Je	Rsp

(Sidoarjo, 29 April 2018)

Pukul: 08:32

Konteks: Cecaturan karo kanca ing omahe Panliti.

Ukara ing dhuwur ngemu SMCTAG, merga saka data ukara (6) nuwuhake teges panutur ngomong marang mitra tuture, yen mitrane awuran anggone ngowehi rega. SMCTAG kasebut bisa kadeleng saka gatra “rika iki” kang kadaden saka tembung “rika” lan “iku”. Gatra kasebut kalebu sesulih madyama purusa cacah tunggal, merga gatra kasebut ngganteni utawa nyulih pawongan sing lagi kaajak ngomong kanthi ngemu makna cacah tunggal. Yen ukara kasebut kajlentrehake kanthi triaspek sintaksis, tembung “nguawur” wujud T.Khn kanthi guna wasesa kang kalungguhane dadi Khn. Banjur “rika iki” wujud Ga.Ar kanthi guna Je kang kalungguhane dadi Rsp.

Jlentrehan data kanthi analisis triaspek sintaksis ing ukara (6) bakal kabuktekake ing kene. Sepisanan ana tembung “nguawur” wujud T.Khn, merga bisa kabuktekake kanthi nambahi tembung “rada” utawa “banget” dadi “rada nguawur”. Nalika kagandheng bisa sambung, mula saka iku tembung kasebut diarani T.Khn. Banjur analisis gunane tembung kasebut dadi Wa merga bisa kadadekake negatif lan nduweni teges arupa pakaryan dadi “ora nguawur”, mula bisa karasa trep yen gunane dadi Wa.

Sawise iku ana gatra “rika iki” wujud dadi Ga.Ar, merga bisa kabuktekake kanthi nambahi tembung “dudu” utawa “ana” ing ngarepe. Nalika gatra “rika iki” ditambahi “dudu” utawa “ana” dadi gatra “dudu rika iki” utawa “ana rika iki”, sawise kagandheng gatra kasebut bisa sambung, mula karasa trep yen tembung kasebut wujud Ga.Ar. Banjur analisis gunane gatra “rika iki” dadi Je bisa kabuktekake kanthi dadi wangsulana saka pitakon “sapa” utawa “apa” kang ngganteni posisine tembung “adhikmu” dadi “sapa sing nguawur?” bisa diwangsul “rika iki”, sawise kaganti ukara kasebut bisa sambung, mula karasa trep yen gatra kasebut gunane dadi Je.

Dene analisis kalungguhane ukara ing ndhuwur, tembung “Nguawur” kalungguhane dadi Khn, merga saka tegesse ukara kasebut tembung “nguawur” nuwuhake Kahanan, mula karasa sambung lan trep yen kalungguhane dadi Khn. banjur ana gatra “rika iki” kalungguhane dadi Rsp, merga saka ukara (6) ing dhuwur, tembung “rika iki” nuwuhake teges pawongan kang nandhang

kahanan, lan wasesane kalungguhane dadi Kahanan, mula karasa trep yen gatra “rika iki” kalebu SMCTAG kanthi kalungguhan Rsp.

C. Sesulih Pratama Purusa Cacah Tunggal

Sesulih pratama purusa kanthi cacah tunggal adhedhasar data kang wis ana bisa kaperang dadi telu, yaiku: a) sesulih pratama purusa cacah tunggal awujud tembung lingga, b) sesulih pratama purusa cacah tunggal awujud tembung andhahan, lan c) sesulih pratama purusa cacah tunggal awujud gatra. Luwih jangkepe ana ing ngisor iki.

1. Sesulih Pratama Purusa Cacah Tunggal Awujud Tembung Lingga

Sesulih pratama purusa cacah tunggal awujud tembung lingga kang bisa kacekakake dadi SPCTATL iki kagunangake nganteni pawongan katelu utawawong liya saline panutur lan mitra tutur kanthi ijen utawa tunggal kang rupane wujud tembung lingga. SPCTATL dhialek Jawa Timur sub-dhialek Sidoarjo, yaiku: dheweke, areke, wonge, lan sapanunggalane. Kaya dene data ing ngisor iki.

(7) Aku manut **Juragan**.

‘Saya mengikuti Juragan.’

	<u>Wujud</u>	<u>Guna</u>	<u>Kalungguhan</u>
Saya	T.Ar	Je	Prg
Manut	T.Kr	Wa	Kr.Tndk
Juragan	T.Ar	Le	Pndh

(Sidoarjo, 29 April 2018)

Pukul: 08:32

Konteks: cecaturan karo kanca ing omahe Panliti.

Ukara ing dhuwur ngemu SPCTATL, merga saka data ukara (7) nuwuhake teges panutur ngomong, yen dheweke iku manut marang mandhor. SPCTATL kasebut bisa kadeleng saka tembung “juragan”. Tembung kasebut kalebu sesulih pratama purusa cacah tunggal, merga tembung kasebut ngganteni utawa nyulih saliyané pawongan panutur lan mitra tuture kanthi ngemu makna cacah tunggal. Yen ukara kasebut kajlentrehake kanthi triaspek sintaksis, tembung “aku” wujud T.Ar kanthi guna Je kang kalungguhane dadi Prg. Banjur “manut” wujud T.Kr kanthi guna Wa kang kalungguhane dadi Kr.Tndk. Banjur ana tembung “juragan” wujud T.Ar kanthi guna Le kang kalungguhane dadi Pndh.

Jlentrehan data kanthi analisis triaspek sintaksis ing ukara (7) bakal kabuktekake ing kene. Sepisanan ana tembung “aku” kang wujud dadi T.Ar bisa kabuktekake kanthi nambahi tembung “dudu” utawa “ana” ing ngarepe. Nalika tembung kasebut ditambahi “dudu/sanes” utawa “ana/wonten” dadi gatra “dudu aku” utawa “ana aku”, sawise kagandheng tembung kasebut bisa

sambung, mula karasa trep yen tembung kasebut wujud T.Ar. Banjur analisis gunanetembung “aku” dadi Je bisa kabuktekake kanthi dadi wangsulane saka pitakon “sapa/sinten” utawa “apa/menapa” kang ngganteni posisine tembung “aku” dadi “sapa manut juragan?”, sawise kaganti ukara kasebut bisa sambung, merga wansulane saged ndamel “aku”. Mula karasa trep yen tembung kasebut gunane dadi Je.

Sawise iku ana tembung “manut” wujud T.Kr, merga bisa kabuktekake kanthi nambahi tembung “ora/mboten” ing ngarepe. Nalika kagandheng dadi gatra “ora manut”. Tembung “manut” karasa bisa sambung, mula saka iku bisa diarani T.Kr. Banjur analisis gunane tembung kasebut dadi Wa merga bisa kadadekake negatif dadi gatra kang wis kasebut. Tembung “manut” bisa karasa sambung, mula trep yen gunane dadi Wa.

Sawise iku ana tembung “juaragan” wujud T.Ar, merga bisa kabuktekake kanthi nambahi tembung “dudu” utawa “ana” ing ngarepe. Nalika tembung kasebut ditambahi “dudu/ sanes” utawa “ana/wonten” dadi gatra “sanes juragan” utawa “wonten juragan”, sawise kagandheng tembung kasebut bisa sambung, mula karasa trep yen tembung kasebut wujud T.Ar. Banjur analisis gunane tembung kasebut dadi lesan, merga tembung “juragan” bisa dadi Je sajrone ukara tanggap dadi “juragan takanut”, karasa ukara kasebut isih sambung, mula trep gunane dadi Le.

Dene analisis kalungguhane ukara ing ndhuwur, tembung “aku” dadi Prg bisa kabuktekake kanthi titikane Prg, yaiku: dipanggoni Je wujud T.Ar sing nduweni nyawa kanthi nindhakake pakaryan, lan Wa wujud T.Kr kanthi kalungguhane Kr.Tndk kang gathuk marang analisis kalungguhane tembung “manut”. Bukti tembung “manut” kalungguhane dadi Kr.Tndk, merga nudhuhake pakaryan, lan ana Je kanthi kalungguhan Prg, Le kanthi kalungguha Pndh. Banjur tembung “juragan” kalungguhane dadi Pndh, merga saka tegese ukara (7) tembung “juragan” dikenani pakaryan. Mula saka iku tembung “juragan” kang dadi SPCTATL kalungguhane dadi Pndh.

2. Sesulih Pratama Purusa Cacah Tunggal Awujud Tembung Andhahan

Sesulih pratama purusa cacah tunggal awujud tembung andhahan kang bisa kacekakake dadi SPCTATA iki kagunangake nganteni pawongan katelu utawa pawongan liya saliyane panutur lan mitra tutur kanthi ijen utawa tunggal kang rupane wujud tembung andhahan. SPCTATA dhialek Jawa Timur sub-dhialek Sidoarjo, yaiku: wuwuhan panambang -ne, -e. Kaya dene data ing ngisor iki.

(8) Muride uwakeh.

‘Muridnya banyak.’

	Wujud	Guna	Kalungguhan
Muride	T.Ar	Je	Rsp

uwakeh	T.Khn	Wa	Khn
--------	-------	----	-----

(Sidoarjo, 16 September 2018)

Pukul: 11:09

Konteks: cecaturan ing took Surya Darma.

Ukara ing dhuwur ngemu SPCTATA, merga saka data ukara (8) nuwuhake teges panutur ngowehi weruh, yen wong liya sing kabahas nduwe murid akeh. SPCTATA kasebut bisa kadeleng saka tembung “muride” saka tembung lingga “murid” kang oleh wuwuhan panambang“-e”. Tembung kasebut kalebu sesulih pratama purusa cacah tunggal, merga tembung kasebut ngganteni utawa nyulih saliyane pawongan panutur lan mitra tutur kanthi ngemu makna cacah tunggal. Yen ukara ing dhuwur kajlentrehake kanthi triaspek sintaksis, tembung “muride” wujud T.Ar kanthi guna Je kang kalungguhane dadi Rsp. Banjur ana tembung “uwakeh” wujud T.Khn kanthi guna Wa kang kalungguhane dadi Khn.

Jlentrehan data kanthi analisis triaspek sintaksis ing ukara (8) bakal kabuktekake ing kene. Sepisanan ana tembung “muride” kang wujud dadi T.Ar bisa kabuktekake kanthi nambahi tembung “dudu” utawa “ana” ing ngarepe. Nalika tembung “dhuwike” ditambahi “dudu” utawa “ana” dadi gatra “dudu muride” utawa “ana muridee”, sawise kagandheng tembung “muridee” kasebut bisa sambung, mula karasa trep yen tembung kasebut wujud T.Ar. Banjur analisis gunane tembung “muridee” dadi Je bisa kabuktekake kanthi dadi wangsulane saka pitakon “sapa” utawa “apa” kang ngganteni posisine tembung “muride” dadi “sapa sing akeh?”, sawise kaganti ukara kasebut bisa sambung, mula karasa trep yen tembung “muridee” gunane dadi Je.

Sawise iku ana tembung “uwakeh” wujud T.Khn, merga bisa kabuktekake kanthi nambahi tembung “rada” ing ngarepe dadi “rada uwakeh”. Nalika kagandheng bisa sambung, mula saka iku tembung “uwakeh” diarani T.Khn. Banjur analisis gunane tembung kasebut dadi Wa merga bisa kadadekake negatif lan nduweni teges arupa Khn kaya gatra “ora uwakeh”, mula bisa karasa trep yen gunane dadi Wa.

Dene analisis kalungguhane ukara ing ndhuwur, tembung “muride” dadi Rsp bisa kabuktekake kanthi titikane Rsp, yaiku: jejer nampani kadadeyan kaya wasesane. Banjur ana tembung “uwakeh” Kalungguhane Khn bisa kabuktekake saka tegese nuwuhake Je nandhang kahanan, mula saka iku tembung kasebut karasa trep dadi Khn. Tembung “muride” kalungguhane dadi Rsp, merga Je nandhang kaya ing wasesane, paraga kang disingitake kanthi ngganti wuwuhan panambang “-e” kang nuwuhake teges pawongan liya kang nandhang kahanan kaya ing wasesane, mula karasa trep Tembung “muride” kalebu SPCTATA kanthi kalungguhan Rsp.

3. Sesulih Pratama Purusa Cacah Tunggal Awujud Gatra

Sesulih pratama purusa cacah tunggal awujud gatra kang bisa kacekakake dadi SPCTAG iki kagunangake nganteni pawongan katelu utawa pawongan liya saliyane panutur lan mitra tutur kanthi ijen utawa tunggal kang rupane wujud gatra. SPCTAG dhialek Jawa Timur sub-dhialek Sidoarjo, yaiku: SPCTATL lan SPCTATA kang kagandheng tembung ancer-ancer utawa T.Wil kang nuduhake cacah tunggal, lan uga bisa kagandheng tembung liya. SPCTAG kasebut kayata: aku iki, aku ijen, kula nik, Pak Guru, lan sapiturute. Kaya dene data ing ngisor iki.

(9) Aku kenal **Arek iku**.

‘Saya mengenal Anang itu.’

	<u>Wujud</u>	<u>Guna</u>	<u>Kalungguhan</u>
Aku	T.Ar	Je	Prg
Kenal	T.Kr	Wa	Kr.Tndk
Arek iku	Ga.Ar	Ge	Pndh

(Sidoarjo, 27 Juni 2018)

Pukul: 09:37

Konteks: motoran ing dalan, Panlti goncengan karo mitrane.

Ukara ing dhuwur ngemu SPCTAG, merga saka ukara ing ndhuwur nuwuhake teges panutur ngomong, yen dheweke kenal karo arek sing dikarepake. SPCTAG kasebut bisa kadeleng saka gatra “arek iku” kadaden saka tembung “arek” lan tembung “iku”. Gatra kasebut kalebu sesulih pratama purusa cacah tunggal, merga tembung kasebut ngganteni utawa nyulih saliyane pawongan panutur lan mitratatur kanthi ngemu makna cacah tunggal. Yen ukara kasebut kajlentrehake kanthi triaspek sintaksis, tembung “aku” wujud T.Ar kanthi guna Je kang kalungguhane dadi Prg. Banjur “kenal” wujud T.Kr kanthi guna Wa kang kalungguhane dadi Kr.Tndk. Banjur ana gatra “arek iku” wujud Ga.Ar kanthi guna Le kang kalungguhane dadi Pndh.

Jlentrehan data kanthi analisis triaspek sintaksis ing ukara (9) bakal kabuktekake ing kene. Sepisanan ana tembung “aku” kang wujud dadi T.Ar bisa kabuktekake kanthi nambahi tembung “dudu” utawa “ana” ing ngarepe. Nalika tembung kasebut ditambahi “dudu” utawa “ana” dadi gatra “dudu aku” utawa “ana aku”, sawise kagandheng tembung kasebut bisa sambung, mula karasa trep yen tembung kasebut wujud T.Ar. Banjur analisis gunane tembung kasebut dadi Je bisa kabuktekake kanthi dadi wangsulane saka pitakon “sapa” utawa “apa” kang ngganteni posisine tembung “aku” dadi “Sapa kenal arek iku?” sing bisa diwansuli “aku”. Mula karasa trep yen tembung kasebut gunane dadi Je.

Sawise iku ana tembung “kenal” wujud T.Kr, merga bisa kabuktekake kanthi nambahi tembung “ora/mboten” ing ngarepe. Nalika kagandheng dadi gatra “ora kenal”. Tembung “kenal” karasa bisa sambung, mula saka iku bisa diarani T.Kr. Banjur analisis gunane tembung kasebut dadi Wa merga nuduhake pakaryan lan manggon satengene Je, bisa kadadekake negatif dadi gatra kang wis kasebut. Tembung “kenal” bisa karasa sambung, mula trep yen gunane dadi Wa.

Sawise iku ana gatra “Arek iku” wujud dadi Ga.Ar, merga bisa kabuktekake kanthi nambahi tembung “dudu” utawa “ana” ing ngarepe. Nalika gatra “Arek iku” ditambahi “dudu” utawa “ana” dadi gatra “dudu arek iku” utawa “ana arek iku”, sawise kagandheng gatra “arek iku” kasebut bisa sambung, mula karasa trep yen gatra kasebut wujud Ga.Ar. Banjur analisis gunane gatra kasebut dadi Ge bisa kabuktekake kanthi manggon satengene Wa, ora bisa kabuwang merga njangkepi wasesane, lan ukarane kasebut ora wujud ukara tanduk, mula karasa trep yen gatra kasebut gunane dadi Ge.

Dene analisis kalungguhane ukara ing ndhuwur, tembung “aku” dadi Prg bisa kabuktekake kanthi titikane Prg, yaiku: dipanggoni Je wujud T.Ar sing nduweni nyawa kanthi nindhakake pakaryan, lan Wa wujud T.Kr kanthi kalungguhane Kr.Tndk kang gathuk marang analisis kalungguhane tembung “kenal”, bukti gatra kasebut Kr.Tndk, merga nuduhake pakaryan, lan ana Je kanthi kalungguhan Prg, Le kanthi kalungguhane Pndh. Banjur gatra “arek iku” kalungguhane dadi Pndh, merga saka tegese ukara (9) gatra “arek iku” dikenani pakaryan. Mula saka iku gatra “arek iku” kalebu SPCTAG kalungguhane dadi Pndh.

2. Sesulih Purusa Cacah Jamak

Sesulih purusa cacah jamak ing basa Jawa dhialek Jawa Timur sub-dhialek Sidoarjo adhedhasar panliten kang wis ana kaperang dadi telu, yaiku: (1) sesulih utama purusa cacah jamak, (2) sesulih madyama purusa cacah jamak, lan (3) sesulih pratama purusa cacah jamak. Luwih jangkepe ana jlentrehan ngisor iki.

a. Sesulih Utama Purusa Cacah Jamak

Sesulih utama purusa kanthi cacah jamak adhedhasar data kang wis ana bisa kaperang dadi telu, yaiku: a) sesulih utama purusa cacah jamak awujud tembung lingga, b) sesulih utama purusa cacah jamak awujud gatra. Luwih jangkepe ana ing ngisor iki.

1. Sesulih Utama Purusa Cacah Jamak Awujud Tembung Lingga

Sesulih utama purusa cacah jamak awujud tembung lingga kang bisa kacekakake dadi SUCJATL iki kagunangake ngganteni pawongan kapisan utawa awak dhewe kanthi cacah akeh utawa jamak kang rupane wujud tembung lingga. SUCJATL dhialek Jawa Timur sub-dhialek

Sidoarjo, yaiku: kene. Kaya dene data ing ngisor iki.

(10) **Kene** budhal kapan?
'Kita berangkat kapan?'

	Wujud	Guna	Kalungguhan
Kene	T.Ar	Je	Prg
Budhal	T.Kr	Wa	Kr.Tndk
Kapan?	T.Ptk	Kat	Wkt

(Sidoarjo, 7 Juli 2018)

Pukul: 19:12

Konteks: Ngajak buwuh bareng.

Ukara ing dhuwur ngemu SUCJATL, merga saka data ukara (10) nuwuhake teges panutur takon, yen golongane panutur iki sida budhal kapan?. SUCJATL kasebut bisa kadeleng saka tembung "kene", merga tembung kasebut ngganteni utawa nyulih pawongan sing lagi ngomong kang cacah jamak. Tembung "kene" wujud T.Ar kang digunangake nyulih panggonan, nanging ing dhialek iki biasane uga digunangake kanggo nyulih golongan pawongan. Yen ukara kasebut kajlentrehake kanthi triaspek sintaksis, tembung "kene" wujud T.Ar kanthi guna Je kang kalungguhane dadi Prg. Banjur "budhal" wujud T.Kr kanthi guna Wa kang kalungguhane dadi Kr.Tndk. Banjur "kapan?" wujud T.Ptk kanthi guna Kat kang kalungguhane dadi Wkt.

Jlentreh data kanthi analisis triaspek sintaksis ing ukara (10) bakal kabuktekake ing kene. Sepisanan ana tembung "kene" kang wujud dadi T.Ar bisa kabuktekake kanthi nambahi tembung "dudu" utawa "ana" ing ngarepe. Nalika tembung "kene" ditambahi "dudu/sanes" utawa "ana/wonten" dadi gatra "ana kene" utawa "dudu kene", sawise kagandheng tembung "kene" kasebut bisa sambung, mula karasa trep yen tembung "kene" wujud T.Ar. Banjur analisis gunane tembung "kene" dadi Je bisa kabuktekake kanthi dadi wangsul saka pitakon "sapa/sinten" utawa "apa/menapa" kang ngganteni posisine tembung "kene" dadi "sapa budhal mene?" ukara kasebut bisa kawangsuli tembung "kene", sawise kaganti ukara kasebut bisa sambung, mula karasa trep yen tembung "kene" gunane dadi Je.

Sawise iku ana tembung "budhal" wujud T.Kr, merga bisa kabuktekake kanthi nambahi tembung "ora/mboten" ing ngarepe. Nalika kagandheng dadi gatra "ora budhal", tembung "budhal" kasebut karasa bisa sambung, mula saka iku bisa diarani T.Kr. Banjur analisis gunane tembung kasebut dadi Wa merga manggon satengene Je, bisa dadi wangsul pitakon "ngapa" lan bisa kadadekake negatif kaya ing gatra "mboten wangsul" kasebut, mula bisa karasa yen gunane dadi Wa.

Sawise iku ana tembung "kapan?" wujud T.Ptk, merga anane tembung kasebut, ukara (10) mbutuhake wangsul, mula karasa trep wujud

T.Ptk. Banjur analisis gunane tembung kasebut dadi Kat, merga tembung "kapan?" digunangake nangokake waktu, lan saka ukara (10) tembung kasebut ora wajib ana. Nalika tembung "kapan?" diilangake dadi "kene budhal" karasa isih sambung, mula karasa trep yen tembung kasebut gunane dadi Kat.

Dene analisis kalungguhane ukara ing ndhuwur, tembung "Kene" dadi Prg bisa kabuktekake kanthi titikane Prg, yaiku: dipanggoni Je wujud T.Ar sing nduweni nyawa kanthi nindhakake pakaryan, lan Wa wujud T.Kr kanthi kalungguhane Kr.Tndk kang gathuk marang analisis kalungguhane tembung "budhal". Bukti tembung "budhal" kalungguhane Kr.Tndk, bisa deleng saka tegese Ukara (39) sing nuduhake Prg nindakake pakaryan. Banjur tembung "kapan?" dadi waktu, merga bisa kabuktekake T.Ptk kasebut kagunangake kanggo nangokake waktu, mula karasa trep yen tembung "kapan?" kalungguhane dadi Wkt. Tembung "kene" ing ukara (10) kagunangake nyulih golongan pawongan kapisan, mula saka iku kalebu SUCJATL kanthi kalungguhan Prg.

2. Sesulih Utama Purusa Cacah Jamak Awujud Gatra

Sesulih utama purusa cacah jamak awujud gatra kang bisa kacekakake dadi SUCJAG iki kagunangake nganteni pawongan kapisan utawa awak dhewe kanthi wong akeh utawa jamak kang rupane wujud gatra. SUCJAG dhialek Jawa Timur sub-dhialek Sidoarjo, yaiku: SUCJATL kang kagandheng tembung ancer-ancer utawa T.Wil kang nudhuhake cacah tunggal, kayata: kene iki, kane kabeh, awak dhewe, lan sapiturute. Kaya dene data ing ngisor iki.

(11) **Golongane kene** ngajak reoni.

'Golongannya kita mengajak reoni'

	Wujud	Guna	Kalungguhan
Golongan kene	Ga.Ar	Je	Prg
Ngajak	T.Kr	Wa	Kr.Tndk
Reoni	T.Kr	Ge	Kr.Tndk

(Sidoarjo, 15 April 2018)

Pukul: 20:21

Konteks: Omong-omongan karo kanca ing Warkop.

Ukara ing dhuwur ngemu SUCJAG, merga saka data ukara (11) nuwuhake teges panutur ngomong, yen golongane Panutur ngajak reoni. SUCJAG kasebut bisa kadeleng saka gatra "golongane kene" kang kadaden saka tembung "golongan" lan "kene", anane tembung "kene" bisa dadi punjer kang bisa nyulih pawongan. Gatra kasebut kalebu sesulih utama purusa cacah jamak, merga gatra kasebut ngganteni utawa nyulih pawongan akeh kalebu sing lagi ngomong. Yen ukara kasebut

kajlentrehake kanthi triaspek sintaksis, gatra “golongan kene” wujud Ga.Ar kanthi guna Je kang kalungguhane dadi Prg. Banjur “ngajak” wujud T.Kr kanthi guna Wa kang kalungguhane dadi Kr.Tndk. Banjur “reoni” wujud T.Kr kanthi guna Ge kang kalungguhane dadi Kr.Tndk.

Jlentrehan data kanthi analisis triaspek sintaksis ing ukara (11) bakal kabuktekake ing kene. Sepisanan ana gatra “golongan kene” kang wujud dadi Ga.Ar bisa kabuktekake kanthi nambahi tembung “dudu” utawa “ana” ing ngarepe. Nalika gatra “golongan kene” ditambahi “dudu/sanes” utawa “ana/wonten” dadi gatra “dudu golongan kene” utawa “ana golongan kene”, sawise kagandheng gatra “golongan kene” kasebut bisa sambung, mula karasa trep yen gatra “golongan kene” wujud Ga.Ar. Banjur analisis gunane gatra “golongan kene” dadi Je bisa kabuktekake kanthi dadi wangsulane saka pitakon “sapa/sinten” utawa “apa/menapa” kang nggantenani posisine gatra “golongan kene” dadi “sapa ngajak reoniane?” ukara kasebut bisa kawangsuli gatra “golongan kene”. sawise kaganti ukara kasebut bisa sambung, mula karasa trep yen gatra “golongan kene” gunane dadi Je.

Sawise iku ana tembung “ngajak” wujud T.Kr, merga bisa kabuktekake kanthi nambahi tembung “ora/mboten” ing ngarepe. Nalika kagandheng dadi gatra “ora ngajak”, tembung kasebut karasa bisa sambung, mula saka iku bisa diarani T.Kr. Banjur analisis gunane tembung kasebut dadi Wa merga bisa dadi wangsulane pitakon “ngapa” lan bisa kadadekake negatif kaya ing gatra “ora ngajak” kasebut, mula saka iku bisa karasa trep yen tembung kasebut gunane dadi Wa.

Sawise iku ana tembung “reoni” wujud T.Kr, merga bisa kabuktekake kanthi nambahi tembung “ora/mboten” ing ngarepe. Nalika kagandheng dadi gatra “ora reoni”, tembung kasebut karasa bisa sambung, mula saka iku bisa diarani T.Kr. Banjur analisis gunane tembung kasebut dadi geganep, merga tembung “reoni” njangkepi lan nerangake Wa, mula karasa trep gunane dadi Ge.

Dene analisis kalungguhane ukara ing ndhuwur, gatra “golongan Kene” dadi Prg bisa kabuktekake kanthi titikane Prg, yaiku: dipanggoni Je wujud T.Ar utawa Ga.Ar sing nduweni nyawa kanthi nindhakake pakaryan, lan Wa wujud T.Kr utawa Ga.Kr kanthi kalungguhane Kr.Tndk kang gathuk marang analisis kalungguhane tembung “ngajak”. Mula saka iku gatra “golongan kene” kang dadi SUCJAG kalungguhane dadi Prg. Bukti tembung “ngajak” kalungguhane Kr.Tndk, bisa kadeleng saka tegese Ukara (11) sing nuduhake Prg nindakake pakaryan. Banjur tembung “reoni” dadi Kr.Tndk, merga bisa kabuktekake saka tegese ukara (11) sing nuduhake pakaryan reoni, mula karasa trep kalungguhane dadi Kr.Tndk.

b. Sesulih Madyama Purusa Cacah Jamak

Sesulih madyama purusa kanthi cacah jamak adhedhasar data kang wis ana bisa kaperang dadi telu, yaiku: a) sesulih madyama purusa cacah jamak awujud tembung rangkep, lan b) sesulih madyama purusa cacah jamak awujud gatra. Luwih jangkepe ana ing ngisor iki.

1. Sesulih Madyama Purusa Cacah Jamak Awujud Tembung Rangkep

Sesulih madyama purusa cacah jamak awujud tembung rangkep kang bisa kacekakake dadi SMCJATR iki kagunangake ngantenani pawongan kapindho utawa mitra tutur kanthi wong luwih saka siji utawa jamak kang rupane wujud tembung rangkep. SMCJATR dhialek Jawa Timur subdhialek Sidoarjo, yaiku: koen-koen, sampeyan-sampeyan, panjenengan-panjengan, lan sapanunggalane. Kaya dene data ing ngisor iki.

(12) Malinge sak padha **peyan-peyan**.

‘Malingnya ukurannya seperti kamu-kamu.’

	Wujud	Guna	Kalungguhan
Malinge	T.Ar	Je	Rsp
Sak padha	Ga.Khn	Wa	Khn
Peyan-peyan	T.Ar	Ge	Khn

(Sidoarjo, 10 Juni 2018)

Pukul: 20:32

Konteks: Crita maling ing Warkop.

Ukara ing dhuwur ngemu SMCJATR, merga saka data ukara (12) nuwuhake teges panutur ngomong, yen malinge mau gedhe sak padha sampeyan-sampeyan. SMCJATR kasebut bisa kadeleng saka tembung “peyan-peyan” kang kadaden saka tembung “sampeyan”. tembung kasebut kalebu sesulih madyama purusa cacah jamak, merga tembung kasebut nggantenani utawa nyulih pawongan kapindho kang cacah akeh. Yen ukara kasebut kajlentrehake kanthi triaspek sintaksis, tembung “malinge” wujud T.Ar kanthi guna Je kang kalungguhane dadi Rsp. Banjur “sak padha” wujud Ga.Khn kanthi guna Wa kang kalungguhane dadi Khn. Banjur “peyan-peyan” wujud T.Ar kanthi guna Ge kang kalungguhane dadi Khn.

Jlentrehan data kanthi analisis triaspek sintaksis ing ukara (12) bakal kabuktekake ing kene. Sepisanan ana tembung “malinge” kang wujud dadi T.Ar bisa kabuktekake kanthi nambahi tembung “dudu” utawa “ana” ing ngarepe. Nalika tembung kasebut ditambahi “dudu” utawa “ana” dadi gatra “dudu malinge” utawa “ana malinge”, sawise kagandheng tembung kasebut bisa sambung, mula karasa trep yen tembung kasebut wujud T.Ar. Banjur analisis gunane tembung “malinge” dadi Je bisa kabuktekake kanthi dadi wangsulane saka pitakon “sapa” utawa “apa” kang nggantenani posisine tembung kasebut dadi “sapa sak peyan-peyan?” bisa kawangsuli tembung “malinge”,

sawise kaganti ukara kasebut bisa sambung, mula karasa trep yen tembung kasebut gunane dadi Je.

Sawise iku ana gatra “sak padha” wujud Ga.Khn, merga bisa kabuktekake saka tegese sing bisa nyethakake kahanane tembung liya, mula karasa trep dadi Ga.Khn. Banjur gunane dadi Wa, merga tembung kasebut kadaden ana tengene Je, bisa dadi wangsulane pitakon “sepira” lan bisa kadadekake negatif kaya ing gatra “ora sak” kasebut, mula saka iku bisa karasa trep yen gatra kasebut gunane dadi Wa.

Sawise iku ana tembung “peyan-peyan” wujud T.Ar, merga bisa kabuktekake kanthi nambahi tembung “dudu” utawa “ana” ing ngarepe. Nalika tembung kasebut ditambahi “dudu” utawa “ana” dadi gatra “dudu peyan-peyan” utawa “ana peyan-peyan”, sawise kagandheng tembung kasebut bisa sambung, mula karasa trep yen tembung kasebut wujud T.Ar. Banjur gunane dadi Ge, merga tembung “peyan-peyan” dadi panggenah ing wasesane lan ora bisa kabuwang wajib ana kanggo nggenahake Wa, mula karasa trep gunane dadi Ge.

Dene analisis kalungguhane ukara ing ndhuwur, tembung “malinge” dadi Rsp bisa kabuktekake kanthi titikane Rsp, yaiku: nampani kadadeyan kaya ing wasesane. Banjur gatra “sak padha” kalungguhane dadi Khn, merga saka ukara (12) bisa kabuktekake anane Je kanthi kalungguhan Rsp lan bisa gathuk karo kalungguhane gatra “sak padha”, mula tembung kasebut karasa trep yen kalungguhane Khn. Tembung “peyan-peyan” kalungguhane dadi Khn, bisa kabuktekake anane Je kanthi kalungguhan Rsp lan bisa gathuk karo kalungguhane gatra “sak padha”, mula tembung kasebut karasa trep yen kalungguhane Khn. Tembung “peyan-peyan” bisa nyulih pawongan kapindho kang cacah akeh, mula gatra “peyan-peyan” kalebu SMCJATR kanthi kalungguhane dadi Khn.

2. Sesulih Madyama Purusa Cacah Jamak Awujud Tembung Gatra

Sesulih madyama purusa cacah jamak awujud gatra kang bisa kacekakake dadi SMCJAG iki kagunangake nganteni pawongan kapindho utawa wong kang kaajak ngomong kanthi cacah luwih saka siji utawa jamak kang rupane wujud gatra. SMCJAG dhialek Jawa Timur sub-dhialek Sidoarjo, yaiku: SMCTATL, SMCTATA, SMCTATR kagandheng tembung ancer-ancer utawa T.Wil kang nudhuhake cacah tunggal, kayata: pena iku, awakmu ijen, koen iki, sampeyan niki lan sapanunggalane. Kaya dene data ing ngisor iki.

(13) Awakmu kabeh majua.

‘Kamu semua majulah’

	Wujud	Guna	Kalungguhan
Awakmu kabeh	Ga.Ar	Je	Prg
Majua	T.Kr	Wa	Kr.Tndk

(Sidoarjo, 15 April 2018)

Pukul: 20:21

Konteks: Main game Mobile legend.

Ukara ing dhuwur ngemu SMCJAG, merga saka data ukara (13) nuwuhake teges panutur ngomong marang mitra tutur, mitrane dikongkon maju, SMCJAG kasebut bisa kadeleng saka gatra “awakmu kabeh”. Tembung kasebut kalebu sesulih madyama purusa cacah jamak, merga tembung kasebut ngganteni utawa nyulih pawongan sing lagi kaajak ngomong kanthi ngemu makna cacah luwih saka siji. Yen ukara kasebut kajlentrehake kanthi triaspek sintaksis, gatra “awakmu kabeh” wujud Ga.Ar kanthi guna Je kang kalungguhane dadi Prg. Banjur “majua” wujud T.Kr kanthi guna Wa kang kalungguhane dadi Kr.Tndk.

Jlentrehan data kanthi analisis triaspek ing ukara (13) bakal kabuktekake ing kene. Sepisanan ana gatra “awakmu kabeh” kang wujud dadi Ga.Ar bisa kabuktekake kanthi nambahi tembung “dudu” utawa “ana” ing ngarepe. Nalika gatra kasebut ditambahi “dudu” utawa “ana” dadi gatra “dudu awakmu kabeh” utawa “ana awakmu kabeh”, sawise kagandheng gatra kasebut bisa sambung, mula karasa trep yen gatra kasebut wujud Ga.Ar. Banjur analisis gunane gatra “awakmu kabeh” dadi Je bisa kabuktekake kanthi dadi wangsulane saka pitakon “sapa” utawa “apa” kang ngganteni posisine gatra “awakmu kabeh” dadi “sapa sing maju?”, sawise kaganti ukara kasebut bisa sambung, mula karasa trep yen gatra kasebut gunane dadi Je.

Sawise iku ana tembung “majua” wujud T.Kr, merga bisa kabuktekake saka tegese tembung kasebut sajrone ukara (13), tembung kasebut nuwuhake teges pakaryan saka tembung “maju” oleh tambahan “a” dadi nuduhake perintah nindakake pakaryan, mula saka iku bisa diarani T.Kr. Banjur analisis gunane tembung kasebut dadi Wa merga manggon satengene Je, bisa kadadekake negatif dadi gatra “ora maju” kanthi karasa sambung, mula trep yen gunane dadi Wa.

Dene analisis kalungguhane ukara ing ndhuwur, gatra “awakmu kabeh” dadi Prg bisa kabuktekake kanthi titikane Prg, yaiku: dipanggoni Je wujud T.Ar sing nduweni nyawa kanthi nindhakake pakaryan, lan Wa wujud T.Kr kanthi kalungguhane Kr.Tndk kang gathuk marang analisis kalungguhane tembung “majua”. Tembung “majua” bisa kabuktekake saka tegese ukara (13) nuwuhake nindakake pakaryan. Gatra “awakmu kabeh” kalebu SMCJAG kalungguhane dadi Prg.

C. Sesulih Pratama Purusa Cacah Jamak

Sesulih pratama purusa kanthi cacah jamak adhedhasar dhata kang wis ana bisa kaperang dadi loro, yaiku: a) sesulih pratama purusa cacah jamak awujud tembung rangkep, lan b) sesulih pratama purusa cacah jamak awujud gatra. Luwih jangkepe ana ing ngisor iki.

1. Sesulih Pratama Purusa Cacah Jamak Awujud Tembung Rangkep

Sesulih pratama purusa cacah jamak awujud rangkep kang bisa kacekakake dadi SPCJATR iki kagunangake nganteni pawongan katelu utawawong liya saline panutur lan mitra tutur kanthi cacah akeh utawa jamk kang rupane wujud tembung rangkep. SPCJATR dhialek Jawa Timur sub-dhialek Sidoarjo, yaiku: arek-arek, wong-wong, bapak-bapak, lan sapanunggalane. Kaya dene data ing ngisor iki.

(14) Omahku dibeki **Arek-arek**.

‘Rumahku dipenuhi Anang-anang’.

	<u>Wujud</u>	<u>Guna</u>	<u>Kalungguhan</u>
Omahku	T.Ar	Je	Pndh
dibeki	T.Kr	Wa	Kr.Tgp
Arek-arek	T.Ar	Ge	Prg

(Sidoarjo, 8 Juli 2018)

Pukul: 20:18

Konteks: omong-omongan mbahas reoni, ing warkop 97 Kalidawir.

Ukara ing dhuwur ngemu SPCJATR, merga saka data ukara (14) nuwuhake teges panutur ngowehi ngerti marang mitrane, yen omahe panutur dibeki arek-arek kancane panutur. SPCJATR kasebut bisa kadeleng saka tembung “arek-arek” asale saka tembung “arek”. Tembung “arek-arek” kasebut kalebu pratama purusa cacah jamak, merga saka tembung kasebut awujud tembung rangkep kang bisa digunangake nyulih pawongan liya kang cacah akeh utawa jamak. Yen ukara (53) ing dhuwur kajlentrehake kanthi triaspek sintaksis, tembung “omahku” wujud T.Ar kanthi guna Je kang kalungguhane dadi Pndh. Banjur tembung “dibeki” wujud T.Kr kanthi guna Wa kang kalungguhane dadi Kr.Tgp. banjur tembung “arek-arek” wujud Tar kanthi guna Ge kang kalungguhane dadi Prg.

Jlentrehan data kanthi analisis triaspek sintaksis ing ukara (14) bakal kabuktekake ing kene. Sepisanan ana tembung “omahku” kang wujud dadi T.Ar bisa kabuktekake kanthi nambahi tembung “dudu” utawa “ana” ing ngarepe. Nalika gatra kasebut ditambahi “dudu” utawa “ana” dadi gatra “dudu omahku” utawa “ana omahku”, sawise kagandheng gatra kasebut bisa sambung, mula karasa trep yen tembung kasebut wujud T.Ar. Banjur analisis gunane tembung kasebut dadi Je bisa kabuktekake kanthi dadi wangsulan saka pitakon “sapa” utawa “apa” kang ngganteni posisine tembung kasebut dadi “apa sing dibeki arek-arek?” bisa kawangsuli gatra “omahku”, sawise kaganti ukara kasebut bisa sambung, mula karasa trep yen tembung kasebut gunane dadi Je.

Sawise iku ana tembung “dibeki” wujud T.Kr, merga bisa kabuktekake kanthi nambahi tembung “ora” lan bisa gandheng tembung “arep/kate” kaya

ing gatra kasebut, mula karasa trep dadi T.Kr. Banjur gunane dadi Wa, merga tembung kasebut kadaden ana tengene Je, lan bisa kadadekake negatif dadi gatra “ora dibeki”, mula saka iku bisa karasa trep yen tembung kasebut gunane dadi Wa.

Sawise iku ana tembung “arek-arek” wujud T.Ar, merga bisa kabuktekake kanthi nambahi tembung “dudu” utawa “ana” ing ngarepe. Nalika gatra kasebut ditambahi “dudu” utawa “ana” dadi gatra “dudu arek-arek” utawa “ana arek-arek”, sawise kagandheng gatra kasebut bisa sambung, mula karasa trep yen tembung kasebut wujud T.Ar. Banjur gunane dadi Ge, merga tembung “arek-arek” ora bisa jejer ing ukara tanggap, lan ora bisa dibuwang, merga wajib ana kanggo nggenahake Wa, mula karasa trep gunane dadi Ge.

Dene analisis kalungguhane ukara ing ndhuwur, tembung “omahmu” dadi Pndh bisa kabuktekake kanthi titikane Pndh, yaiku: dikenani kaya ing wasesane, wasesane arupa Kr.Tgp, mula karasa trep kalungguhane dadi Pndh. Banjur tembung “dibeki” kalungguhane dadi Kr.Tgp, merga jejer sajrone ukara (14) kalungguhane dadi Pndh, mula tembung kasebut karasa trep yen kalungguhane Kr.Tgp. Banjur ana tembung “arek-arek” dadi Prg, merga saka ukara (14) nuwuhake teges yen tembung “arek-arek” nindakake pakaryan kaya ing wasesane, mula karasa trep kalungguhane dadi Prg. Tembung “arek-arek” ing ukara (14) nyulih pawongan liya, saliyan panutur lan mitra tutur kanthi cacah akeh, mula tembung kasebut kalebu SPCJATR kanthi kalungguhane dadi Prg.

2. Sesulih Pratama Purusa Cacah Jamak Awujud Gatra

Sesulih pratama purusa cacah jamak awujud gatra kang bisa kacekakake dadi SPCJAG iki kagunangake nganteni pawongan katelu utawa wong liya saline panutur lan mitra tutur kanthi cacah akeh utawa jamak kang rupane wujud gatra. SPCJAG dhialek Jawa Timur sub-dhialek Sidoarjo, yaiku: arek akeh, wong akeh, lan sapanunggalane. Kaya dene data ing ngisor iki.

(15) Wong lanang-lanang padha Jumatlan.

‘Orang laki-laki pada Jumatlan.’

	<u>Wujud</u>	<u>Guna</u>	<u>Kalungguhan</u>
Orang laki-laki	Ga.Ar	Je	Prg
Padha Jumatlan	Ga.Kr	Wa	Kr.Tndk

(Sidoarjo, 8 Juli 2018)

Tabuh: 20:19

Konteks: Omong-omongan mbahas reoni ing warkop 97 Kalidawir.

Ukara ing dhuwur ngemu SPCJAG, merga saka data ukara (15) nuwuhake teges panutur ngowehi ngerti, yen wong laang-lang iku padha budhal jumatlan. SPCJAG kasebut bisa kadeleng saka gatra “wong lang-lanang” kang kadaden saka tembung “wong” lan “lanang-lanang”. Gatra kasebut kalebu sesulih pratama purusa cacah jamak, merga gatra

kasebut ngganteni utawa nyulihi pawongan saliyane panutur lan mitratatur utawa pawongan katelu kanthi ngemu makna cacah jamak. Yen ukara kasebut kajlentrehake kanthi triaspek sintaksis, gatra “wong lanang-lanang” wujud Ga.Ar kanthi guna Je kang kalungguhane dadi Prg. Banjur “padha jumat” wujud Ga.Kr kanthi guna Wa kang kalungguhane dadi Kr.Tndk.

Jlentrehan data kanthi analisis triaspek sintaksis ing ukara (15) bakal kabuktekake ing kene. Sepisanan ana gatra “wong lanang-lanang” kang wujud dadi Ga.Ar bisa kabuktekake kanthi nambahi tembung “dudu” utawa “ana” ing ngarepe. Nalika tembung kasebut ditambahi “dudu” utawa “ana” dadi gatra “dudu wong lanang-lanang” utawa “ana wong lanang-lanang”, sawise kagandheng tembung kasebut bisa sambung, mula karasa trep yen tembung kasebut wujud Ga.Ar. Banjur analisis gunane gatra kasebut dadi Je bisa kabuktekake kanthi dadi wangsulane saka pitakon “sapa” utawa “apa” kang ngganteni posisine gatra “wong lanang-lanang” dadi “sapa sing Juman?” sing bisa diwansuli “wong lanang-lanang”. Mula karasa trep yen tembung kasebut gunane dadi Je.

Sawise iku ana gatra “padha jumat” wujud Ga.Kr, merga bisa kabuktekake kanthi nambahi tembung “ora” ing ngarepe. Nalika kagandheng dadi gatra “ora padha jumat”. Gatra kasebut karasa bisa sambung, mula saka iku bisa diarani Ga.Kr. Banjur analisis gunane gatra kasebut dadi Wa merga bisa kadadekake negatif dadi gatra kang wis kasebut lan saka data ukara (15) nuduhake pakaryan. Gatra “padha jumat” bisa karasa sambung, mula trep yen gunane dadi Wa.

Dene analisis kalungguhane ukara ing ndhuwur, gatra “wong lanang-lanang” dadi Prg bisa kabuktekake kanthi titikane Prg, yaiku: nindhakake pakaryan kaya ing wasesane, dipanggoni maujud sing nduwe nyawa, mula saka iku gatra kasebut trep yen kalungguhane dadi Prg. Banjur gatra “padha jumat” kalungguhane dadi Kr.Tndk, merga Je kalungguhane Prg, mula trep kalungguhane Kr.Tndk. Gatra “wong lanang-lanang” bisa nuwuhake teges wong liya, saliyane panutur lan mitra tutur, mula saka iku gatra kasebut kalebu SPCJAG kanthi kalungguhane dadi Prg.

Dhiskusi Asile Panliten

Adhedhasar asil panliten kang wis kajlentrehake ing dhuwur, panliten iki kasil mantha jinis sesulih purusa ing basa Jawa dhialek Jawa Timur subdhialek Sidoarjo dadi enem, yaiku (1) sesulih utama purusa cacah tunggal, (2) sesulih madyama purusa cacah tunggal, (3) sesulih pratama purusa cacah tunggal, (4) sesulih utama purusa cacah jamak, (5) sesulih madyama purusa cacah jamak, lan (6) sesulih pratama purusa cacah jamak. Pepanthan kasebut rada beda karo pamawase Wedhawati (2001:236) kang mbedakake cara mantha sesulih purusa kasebut, sesulih purusa kapantha dadi telu, yaiku: (1) utama purusa, (2) madyama purusa,

lan (3) pratama purusa. Nanging saka telung pepanthan kasebut ing tuladhane kacethakake ana sesulih purusa tunggal lan sesulih purusa jamak. Semana uga miturute Sudaryanto (1992:93) uga mantha sesulih purusa dadi telu, yaiku: (1) utama purusa, (2) madyama purusa, lan (3) pratama purusa. Sudaryanto uga nyethakake yen ana wujud kang nuduhake tunggal lan jamak. Lan para ahli liyane, kayata Gorys Keraf (1991:62), lan Kridalaksana (2007:76) uga bedha anggone mantha sesulih purusa. Saka asil panliten iki, banjur katandhingake karo pamawase para ahli bisa kadudut yen asil panliten kang wis diandharake lan kajlentrehake iki bisa tinampa nanging cara anggone mantha kang dadi pambeda.

Saliyane iku, Panliten iki uga katandhingake karo asil panliten kang wis dhisik, kayata Nasrulloh (2001) saka perangane tembung sesulih ngandharake yen tembung sesulih pandarbe iku perangan saka tembung sesulih. Kamangkasesulih pandarbe proklitik lan enklitik ing panliten kang wis kaandharake ing dhuwur iki kalebokake perangan saka sesulih purusa kanthi aran sesulih purusa kang wujud tembung andhahan, merga proklitik lan enklitik iki ora bisa madeg dhewe, lan syarat supaya bisa diarani tembung kudu madeg dhewe lan nduweni teges. Mula saka panliten iki, tembung sesulih pandarbe ora kalebu perangan saka tembung sesulih, nanging perangan saka sesulih purusa.

Panliten liyane yaiku panlitene Novia Rakhmatin Setyorini (2013), kang ngandharake yen pamerange jinis sesulih purusa ing basa Jawa diperang papat, yaiku: (1) sesulih utama purusa, (2) sesulih madyama purusa, (3) sesulih pratama purusa, lan (4) sesulih purusa liyane, ing kono kandharake yen sesulih purusa liyane iku diperang dadi papat, yaiku jenenge wong, arane pangkat, arane sebutan, lan arane peprenah. Lan kaandharake yen sesulih purusa liyane iku bisa nyulihi utama purusa, madyama purusa, lan pratama purusa. Dene ing panliten iki pamerange sesulih purusa ing basa Jawa dhialek Jawa Timur subdhialek Sidoarjo diperang dadi enem kaya kang kaandharake ing bab II lan kajlentrehake dhatane ing bab IV. Sesulih purusa liyane kaya kang kasebut mau, ing kene bisakalebokake utama purusa, madyama purusa, lan pratama purusa, merga sesulih purusa liyane kasebut bisa kagolong utama purusa utawa madyama purusa utawa pratama purusa, kari ndelek saka maknane sesulih purusa kasebut mlebu sing endi lan kagolong cacah sing endi. Saliyane iku Novia Rakhmatin (2013) pronomina ing basa Jawa disebut tembung sesulih, kamangka pronomina iku wujud ora mung tembung, nanging ana wujud liya, kayata gatra. Dene ing panliten iki pronomina persona ing basa Jawa disebut sesulih purusa, merga wujud ora mung tembung. Sudaryanto (1992) lan Wedhawati (2007) nyethakake yen sesulih purusa ing basa Jawa ora nduweni purusa kang nyatakake jamak kejaba “kita”, nanging kanggo persona jamak nggunakake wujud gatra.

Adhedhasar dhiskusi ing ndhuwur, sesulih purusa ing basa Jawa dhialek Jawa Timur subdhialek Sidoarjo adhedhasar cacah lan panganggone, dadi enem, dene kanthi landhesan wujud sesulih purusa ana 4 jinis.

Panliten ngenani sesulih purusa iki, kasil merang jinise sesulih pitakon ing basa Jawa dhialek Jawa Timur subdhialek Sidoarjo kanthi ngasilake perangan kang luwih akeh tinimbang panliten sadurunge, mula anane panliten iki, mugia bisa kanggo njangkepi panliten-panliten sadurunge.

PANUTUP

Bab ingkang pungkasan iki ana loro, yaiku: (1) dudutan, lan (2) pamrayoga. Andharan luwih amba lan cethane kajlentrehake ing ngisor iki.

Dudutan

Seesulih purusa iki minangka asil saka perangane tembung sesulih (*pronominal*). Sesulih purusa kanthi landhesan tata basa structural iku kaperang dadi telu, yaku: (1) sesulih utama purusa, (2) sesulih madyama purusa, lan (3) sesulih pratama purusa. Dene sesulih purusa kadeleng saka cacahé iku kaperang dadi loro, yaiku: sesulih purusa kang ngandhut makna kanthi cacah tunggal, lan sesulih purusa kang ngandhut makna kanthi cacah jamak.

Sesulih purusa ing basa Jawa dhialek Jawa Timur sub-dhialek Sidoarjo iki kanggo ngganteni manungsa kanthi nggunangake tembung utawa gatra. Adhedhasar cacah lan prenahe kanthi landhesa tata basa structural sesulih purusa kaperang dadi enem, yaiku : (1) sesulih utama purusa cacah tunggal, (2) sesulih madyama purusa cacah tunggal, (3) sesulih pratama purusa cacah tunggal, (4) sesulih utama purusa cacah jamak, (5) sesulih madyama purusa cacah jamak, lan (6) sesulih pratama purusa cacah jamak. Banjur ing panliten iki katliti luwih mligi maneh saka wujudé sesulih purusa adhedhasar data kang an lan kaanalisis triaspek sintaksis, sesulih purusa nuwuhake wujud arupa tembung lingga, tembung andhahan, tembung rangkep, lan gatra. Saka panliten iki mbuktekake yen sesulih purusa kang wis ana ing bebrayan iku ora mung wujud tembung, nanging ana wujud liyane.

Pamrayoga

Panliten kang wis katindhakake ing kene iki mung nliti sesulih purusa kang kagunangake ing dhaerah Sidoarjo mligine ing kecamatan Tanggulangin, porong, lan Jabon kanthi nggunangake ira-irahan “Sesulih Purusa Dhialek Jawa Timur Sub-Dhialek Sidoarjo. Isi kang kandharake ing panliten iki mung jlentrehake aspek wujudé sesulih purusa kanthi kabuktekake nggunangake teori triaspek sintaksis. Saliuyane iku isih akeh dhialek Sidoarjo kang rada bedha karo data kang wis katliti iki, kayata Sidoarjo pinggiran cedhak watesan Kutha Mojokerto, lan Surabaya. Panliten kang wis katindhakake iki dhialek Sidoarjo kang cedhak watesan karo kutha Pasuruan, saking panliten iki muga bisa dadi piguna kanggo panliten kang arep katindhakake lan luwih-luwih ana panliten liya kang bisa menehi koreksi kanggo nyampurnangake panliten iki.

KAPUSTAKAN

Alwasillah, Chaedar. 2011. *Beberapa Mazhab dan Dikotomi Teori Linguistik*. Bandung: Angkasa.

Adipitoyo, S. 2012. *Valensi Sintaksis Bahasa Jawa*. Surabaya: Citra Wacana.

Alwi, Hasan, dkk. 2003. *Tatat Bahasa Baku Bahasa Indonesia*. Jakarta: DepDikBud.

Alwi, Hasan, dkk. 2007. *Kamus Besar Bahasa Indonesia*. Jakarta: Balai Pustaka

Antunsohono. 1953. *Reringkesaning Paramasastra Djawa*. Djogjakarta: Penerbit Soejadi.

Djajasudarma, Fatimah, 1993. *Semantik 2 “pemahaman ilmu makna”*. Bandung: Refika Aditama.

Nasrulloh, 2001. *Pronomina Bahasa Jawa Dialek Surabaya*. Surabaya: Fakultas Bahasa Dan Seni Universitas Negeri Surabaya.

Novia, Rohmatin. 2013. *Tembung Sesulih ing Basa Jawa Dhialek Surabaya Subdhialek Mojokerto*. Surabaya : Fakultas Bahasa Dan Seni Universitas Negeri Surabaya.

Parera, Jos Daniel. 1991. *Sintaksis*. Jakarta: PT Gramedia Pustaka

Poerwadarminta, W.J.S. 1930. *Baoesastra Djawi*. Yogyakarta: Triwikrama

Rusdi, Dkk. 1985. *Kosa Kata Bahasa Jawa*. Jakarta: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa Departemen Pendidikan dan Kebudayaan.

Samsuri. 1991. *Analisis Bahasa: memahami bahasa secara ilmiah*. Jakarta: Erlangga

Sudaryanto. 1991. *Tata Bahasa Baku Bahasa Jawa*. Yogyakarta: Duta Wacana University Press.

Wedhawati. 2001. *Tata Bahasa Jawa Mutakhir*. Jakarta: Pusat Bahasa Departemen Pendidikan Nasional

Wedhawati. 2005. *Tata Bahasa Jawa Mutakhir (Edisi Revisi)*. Yogyakarta: Penerbit KANISIUS.

Uhlenbeck. 1982. *Kajian Morfologi Bahasa Jawa*. Surabaya: Djambatan.

Sastrasoepadma. 1958. *Paramasastra Djawa*. Jogjakarta: Soejadi.

Kridalaksana, Harimurti. 2008. *Kamus Linguistik*. Jakarta: PT Gramedia Pustaka.

- Mahsun. 2012. *Metode Penelitian Bahasa*. Jakarta: PT Raja Grafindo.
- Sudaryanto. 1986. *Metode Linguistik, Bagian Pertama: Metode dan Teknik Pengumpulan Data*. Yogyakarta: Duta Wacana Press.
- Keraf, Gorys. 1991. *Tata Bahasa Rujukan Bahasa Indonesia*. Jakarta: PT Grasindo.
- Kridalaksana, Harimurti. 2007. *Kelas Kata Dalam Bahasa Indonesia*. Jakarta: PT Gramedia Pustaka Utama.
- Subagyo, Rahmad. 2011. *Titi Ukara Basa Jawa*. Surabaya: CV Bintang.

